# OQIW MOTIVLERI MASHQALASININŃ PSIXOLOGIYALIQ-PEDAGOGIKALIQ ÁDEBIYATLARDA ÚYRENILGENLIGI

**Guzerbaev Asılbek**

Berdaq atındağı Qaraqalpaq Mámleketlik Universiteti oqıtıwshısı.

***https://doi.org/10.5281/zenodo.10911011***

***Annotatsiya.*** *Bul tsezsizte oqiw motivleri mashqalasiniń psixologiyaliq-pedagogikaliq ádebiyatlarda úyrenilgenligi hám shıǵıs danıshpanlari shıǵarmalarında bilimge qızıǵıwdı qáliplestiriw máseleleri haqqında sóz etilgen.*

***Gilt sóz:*** *psixologiya, pedagogika, motiv,mashqala, oyshıl, tálim.*

## STUDIES OF THE PROBLEMS OF READING MOTIVES IN PSYCHOLOGICAL AND PEDAGOGICAL LITERATURE

***Abstract.*** *In this thesis, it is mentioned that the motives of reading are studied in psychological and pedagogical literature and the issues of awakening interest in knowledge in the works of eastern intellectuals.*

***Key word:*** *psychology, pedagogy, motive, problem, alloma, education.*

## ИССЛЕДОВАНИЯ ПРОБЛЕМ МОТИВОВ ЧТЕНИЯ В ПСИХОЛОГО-ПЕДАГОГИЧЕСКОЙ ЛИТЕРАТУРЕ

***Аннотация.*** *В данной диссертации отмечается, что мотивы чтения изучаются в психолого-педагогической литературе и вопросы пробуждения интереса к познанию в творчестве восточных интеллектуалов.*

***Ключевые слова:*** *психология, педагогика, мотив, проблема, аллома, воспитание.*

---

Ullı oyshıllardıń shıǵarmalarında bilim alıwǵa keń orın berilgen bolıp, ótmishte de házirgi kúnde de, qay jerde tálim salasına itibar joqarı bolsa, sol jerde rawajlanıw udayı ilgerilep barǵanlıǵı ayqın kózge taslanadı.

Shıǵısnıń enciklopediyalıq alımları shıǵarmalarında tálim-tárbiya, shaxs kámilligi boyınsha pikirleri menen birga bilim iyelew, ilim alıw jolları haqqında bir qatar ilimiy maǵlıwmatlar keltiriledi. Sonıń ishinde, Imom al-Buxoriy, Abu Nasr Forobiy, Abu Ali ibn Sino, Abu Rayhon Beruniy, Burhoniddin Zarnujiy, Mahmud Koshǵariy, Yusuf Tán Hojib, Umar Xayyom, Abu Hamid Fazzoliy, Alisher Navoiy, Muhammad Rizo Ogahiy, Abdulla Avloniy sıyaqlı alım hám oyshıllardıń shıǵarmalarında joqarıdaǵı mashqala boyınsha hár tárepleme maǵlıwmatlar keltiriledi.

Enciklopediyalıq alım **Imom al-Buxoriy** da ilim úyreniwdi joqarı dárejege qoyıp, óz shıǵarmalarında tómendegi pikirlerdi aytadı: "Insan ilim babında tek ózinen joqarı yaki teńleslerinen ǵana emes, al ózinen tómen bolǵanlardan da hádis almaǵansha, jetik muhaddis bola almaydı". Imam Buxoriydiń usı pikiri menen oqıw iskerliginiń unamlı motivleri ustaz-muǵallim tárepinen qáliplestiriliwine basımlıq beredi.

**Abu Nasr Forobiy** bolsa kóplegen shıǵarmalarında biliw máselesine úlken itibar beredi. Ol biliwdegi eki basqıshtı - sezimlik hám aqılıy biliwdi parıqlaydı hám de biliwde insan aqılınıń roline áhmiyet beredi. Forobiy insanlardı ilimli bolıwǵa shaqırıp, oqıwshınıń sociallıq ómirindegi tutqan ornı hám onıń ózine tán ózgeshelikleri haqqında ibratlı ideyalardı kóterip shıqqan. Ol oqıwshıǵa tálim beriw, onı ilimli etiw ushın oqıtıwshı tınbastan mashaqatlı miynet etse ǵana oqıwshı oqıwǵa, tálim alıwǵa, bilimli bolıwǵa umtılıwi múmkin ekenligin aytıp ótedi. Oqıtıwshı oqıwshıǵa bilim beremen dese, oqıwshı aldında haqıyqatgóy bolıwı kerek, ózi pámli-parasatlı bolıp, ar-namısın qádirlewi tiyis, shákirtlerine qarata ádalatlı bolıwı, gózlegen maqsetine erisiwinde qatańlıq kórsete biliwi hám órnek bolıwı kerek, dep atap ótedi danıshpan.

Enciklopedist alım **Abu Ali ibn Sinonıń** pikiri boyınsha, insannıń oylawı, aqılınıń kúshi bir neshe basqıshtan ibarat. Aqılıy kúshler dáslep absolyut tınısh, ástelik halatında boladı. Balalardaǵı jazıwda, oqıwdı úyreniwdegi potencial kúshler soǵan mısal bola aladı. Abu Ali ibn Sina bul kúshlerdi materiallıq kúshler dep atalǵan, yaǵnıy usı kúshlerdi sırtqı motivler dep túsinse boladı. Áste-aqırınlıq penen bul kúshler háreketkea aylanadı, bular miynet quralınıń nátiyjesi bolıp tabıladı, yaǵnıy miynet quralı arqalı háreketke keledi hám ózin kórsetedi.

Ibn Sino "Xayy ibn Yaqzon" gúrrińinde insan minez-qulqın, ruwxıyatın túsiniw ushın logika ilimin úyreniwge shaqıradı. Bul ilim insan oylaw sheńberiniń keńeyiwine úlken járdem beredi. Insanlardıń minez-qulqın biliw ushın oqıw, ótkir bolıw ushın parasat iliminen xabardar bolıw kerek. Shınında da, ilim úyreniwge Forobiy muzıkalıq, filosofiyalıq ilim menen sharlaǵan bolsa, ibn Sino logika ilimi arqalı sharlaǵan.

Oqıwshılardıń oqıw iskerligine tiyisli pikirler encilopediyalıq alım **Abu Rayhon Beruniy** shıǵarmalarında da óz sáwleleniwin tapqan. Onıń pikiri boyınsha, bilim alıw ushın oqıwshılarda eń aldı menen umtılıw hám qızıǵıw bolıwı kerek. Shınında da, nenidir úyreniw, izertlew ushın insanda umtılıw, háreket hám qızıǵıwshılıǵı bolmasa, ol hesh nársege erise almaydı. Ilim alıwdıń áhmiyetli jollarınan biri insan hámmeni ózine dos dep biliwi hám basqa insanlarǵa da jaqsılıq isley biliwi tiyis. Alımnıń usı pikirlerin ilim tilinde oqıw iskerligine qarata mútájlik tuwılsa ǵana oqıw motivleri qáliplestiriliwi múmkin, dep talqılasa boladı.

Abu Rayhon Beruniy oqıtıwshılar oqıwshınıń itibarın *salıstırıw, qıyal etiw* sıyaqlı operaciyalarǵa qaratıwlar tiyis ekenligine ayırıqsha áhmiyet beredi. Solay eken, búgingi kúnde de sanalı, tásirli, durıs hám tez oqıw házirgi zaman oqıwshılarınıń sawatlı bolıwların támiyinlewshi tiykarǵı quramlıq bólimlerinen biri bolıp tabıladı.

Shıǵıstıń basqa bir iri alımı **Burhoniddin Zarnujiy** óziniń "Oqıwshıǵa tálim jolında qollanba" kitabında: "Oqıp úyreniw ushın eń jaqsı waqıt jaslıq dáwiri, erte azańǵı hám qas qaraygan payt. Bilim alıwshı mine usı waqıttı nátiyjeli shólkemlestiriwge ádetletsin, eger de, oǵan ilim zerigerli bolsa, basqası menen mashǵul bolsın", - dep tálim beredi. "Tálimul – mutaallim" degen kitabında bolsa tálimniń sabaqlaslıq principin tán aladı.

XI ásirde jasap dóretiwshilik penen shuǵıllanǵan **Mahmud Qoshǵariy** de óziniń "Devonu luǵatit turk" shıǵarmasında bilim alıwǵa shaqırǵan. Shıǵarmadaǵı: "Ey ulım, mennen úgit, násiyat al, ádepli hám tárbiyalı bolıwǵı umtıl, solay etip el ishinde zor alım bolıp tanıl hám olardıń arsında ádep hám ilim tarqat" yaki "Ilim, hikmet úyren, úyreniwde erinsheklik hám takabbirlik etpe, hesh nárse úyrenbesten, ózin bilimli etip kórsetip maqtanǵan insan imtixan waqtında uyaladı, ókinedi" sıyaqlı pikirleri bunıń ayqın mısalı bolıp tabıladı.

Ilim, kásip hám pazıyletlerdiń eń abzalı esaplanadı. Ilim arqalı insan jaqsı-jamandı tanıwı, hadal-haramnıń parqına barıı, doslıq hám tuwısqanlıq pazıyletlerin ańlawı, óz haq-huquqların biliwi múmkin.

Insanlardıń bilimi, ilimi, ámeliy uqıplarınıń rawajlanıwısız jámiyettiń rawajlanıwın kóz aldına keltirip bolmaydı. Belgili bir mánáwiy mútájliklerge, biyik ádep-ikramlıq pazıyletlerine iye bolmaǵan adamlarda ilim-pándi úyreniwge, hadal miynet etip, kásip-óner iyelewge, qánigeligin jetilistiriwge zárúrlilik te bolmaydı. Sol sebepli jámiyet rawajlanıwınıń barlıq basqıshlarında áweli jaslardı tarbiyalap, keyin olarǵa tálim bergen.

Juwmaqlap sonı aytıwımız múmkin boladı, Shıǵıs oyshılları oqıw motivlerin mútájlikler kóz qarasınan analizlewge háreket etken. Usı mútájliklerdi payda etiwge, arttırıwǵa, tiykarınan oqıtıwshılar tárepinen tálim procesiniń psixologiyalıq ózgesheliklerin itibarǵa alıw, yaǵnıy oqıw procesinde balalardıń fiziologiyalıq hám psixologiyalıq ózgesheliklerin inabatqa alıw, olarǵa ilajı barınsha individual jantasıw arqalı erisiw múmkin ekenligin tán alǵan. Sonıń menen birge, Shıǵıs danıshpanlarınıń ullı ǵáziynesi, balalarǵa tálim, tárbiya beriwdegi aldıngı pikirleri házirgi kúnge kelip te óz áhmiyetin joǵaltqanı joq.

**REFERENCES**

1. Abaevich G. A. Subject, Purpose and Tasks of Pedagogy, Scientific Research Methods //American Journal of Public Diplomacy and International Studies (2993-2157). – 2024. – Т. 2. – №. 1. – С. 59-65.
2. Guzerbaev A. RESEARCH METHODS OF PROFESSIONAL PEDAGOGY //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 12. – С. 306-310.
3. Abaevich G. A. RESEARCH METHODS OF PROFESSIONAL PEDAGOGY. – 2023.
4. Гузербаев А. ТЕОРЕТИКО-МЕТОДОЛОГИЧЕСКИЕ ВОПРОСЫ ИЗУЧЕНИЯ ДУХОВНО-МИРОВОЗЗРЕНЧЕСКОЙ БЕЗОПАСНОСТИ МОЛОДЕЖИ //GOLDEN BRAIN. – 2023. – Т. 1. – №. 11. – С. 346-349.
5. Bazarbaevich K. K. THE SPIRITUALITY OF MAHOBATLI PAINTING WORKS IMPORTANCE //Archive of Conferences. – 2021. – С. 224-227.
6. Xojamuratov Q. B. ISSUES OF THE DEVELOPMENT OF FINE ARTS IN SCHOOLS //Modern Science and Research. – 2024. – Т. 3. – №. 2. – С. 333-336.
7. Maksetbaevich, Otegenov Khakimbay. "Ethnodemographic procesess at the headquarters of amudarya on the EVE of the 1916 uprising." Journal of Critical Reviews 7.11 (2020): 391-395.
8. Отегенов, Хакимбай. "К оценке восстаний в Хивинском ханстве и Амударьинском отделе в 1916 г." Каспийский регион: политика, экономика, культура 2 (59) (2019): 31-36.
9. Отегенов, Хакимбай Максетбаевич. "Восстание 1916 года в Каракалпакстане: общее и особенное." Перекрёстки истории. Актуальные проблемы исторической науки: материалы XV Международ (2019): 131.

MODERN SCIENCE
& RESEARCH